



DOERNBECHER  
CHILDREN'S  
Hospital

# Èske chèz machin ou an fo oswa li pa apwouve?

Men bagay enpòtan pou ou chèche lè ou ap achte oswa ou ap itilize yon chèz machin pou transpòte tibebe ou an. Èske chèz machin ou an respekte estanda sekirite Etazini yo? Chèz machin ki fabrike pou lòt peyi yo pa respekte tout estanda obligatwa sekirite Ozetazini yo epi fo chèz machin yo pa an sekirite pou itilize.

## Apwouve



Avètisman sou otorizasyon  
èbag ki nan volan ak  
risk pou timoun toufe  
gouvènman federal  
la enpoze

## Pa apwouve oswa fo



Etikèt avètisman debaz  
ki genyen ti detay



Chèz la genyen yon senti  
sekirite nan lestomak ak  
yon arnè pou lestomak  
ki genyen senk (5) pwent  
ak senti pou ranch



Pa genyen senti sekirite  
nan lestomak epi  
senti nan ranch



Sèten enfòmasyon ki bò  
kote chèz la, ki genyen  
ladan limit pwa ak wotè,  
redaksyon tèks federal  
pou itilize nan machin,  
otokolan adisyonèl pou  
kontakte fabrikan, dat  
chèz la te fèt, ak nimewo  
modèl la




Enfòmasyon ki limite,  
otokolan ki la oswa ki  
ka pa la tou, pa gen  
enfòmasyon sou fabrikan  
oswa modèl la

# Apwouve



Etikèt ki sou baz chèz machin nan

# Pa apwouve oswa fo



Pa genyen etikèt



Lank bazik ki nesesè gouvènman federal la mande

Pa genyen lank bazik yo, levye pou debloke baz la pa solid, baz kapab pa ladan

# Lòt repè yo



Etikèt twal obligatwa selon gouvènman federal la sou chèz machin



Etikèt obligatwa gouvènman federal la di: Sistèm sekirite pou timoun sa a konfòrm ak tout nòrm sekirite federal yo pou machin ki genyen motè.



Kat ki pèmèt ou fè rapèl la obligatwa selon gouvènman federal la pral ladan ak chèz machin nan. Sa a pral gen enfòmasyon fabrikan epi li pare pou voye pa lapòs.

# Pwochen etap yo

Si ou santi ou genyen yon chèz machin ki pa apwouve/fo, tanpri swiv pwochen etap sa yo pou asire sekirite pitit ou a.

- SISPANN itilize chèz machin ou an, prete youn nan men yon zanmi oswa achte yon nouvo pèsònèlman (Walmart, Target, elatriye)
- Kontakte Doernbecher Injury Prevention Program (Pwogram Prevansyon Chòk Doernbecher) la nan 503-418-5666 oswa voye yon imèl bay safety@ohsu.edu epi yon Teknisyen Sètifye nan Syèj Machin (Certified Car Seat Technician) pral travay avèk ou pou asire pitit ou a ap vwayaje an sekirite.
- Ou kapab jwenn yon Teknisyen Sètifye nan Sekirite Pasaje pou Timoun tou sou SafeKids.org